

BYENVENI

Manyèl Pasyan ak Fanmi
Cambridge Health Alliance



KONTNI

Byenveni	1	Dosye Medikal ak Konfidansyalite	10
Kominikasyon	2	Sekirite w	11
Chanm Ou	3	- Prevni Enfeksyon	11
- Alam nan chanm ou	3	- Sekirite Medikaman	11
- Itilize bouton pou w rele a	3	- Prevni Moun Tonbe	11
- Itilize telefòn nan	3	- Prevni Maleng Kabann	11
- Chèn Televizyon yo	3	- Rele pou Mande Èd	11
- Aksè entènèt san fil (wifi)	4	Lè w gen Doule	12
- Pwopriyete Pèsonèl	4	Reprezantan Swen Sante	13
Ekip Swen an	5	Dwa ak Responsablite Pasyan yo	13
Swen Espirityèl	7	Avi sou Pratik Konfidansyalite	16
Manje nan Lopital la	7	Bòdwo Lopital ak Asirans	21
- Enfòmasyon sou Vizit	8	Lè w prale Lakay ou	22
- Gid pou Vizit	8	Pran Swen w an men	23
- Pakin	8	Kòmantè ak Enkyetid	24
- Sekirite Piblik	8	- Enfòmasyon adisyonèl,	24
- Lòt Sèvis	9	Plent, Kesyon	24
• Kado pou Pasyan yo	9	- Komite Konsèy Fanmi	24
• Famasi CHA a	9	ak Pasyan	24
• Pakin	9	Kesyon w yo	25



BYENVENI NAN CAMBRIDGE HEALTH ALLIANCE (CHA)

Mèsi paske w chwazi nou pou bezwen sante w yo. Ou nan bon men.

Gid pou pasyan ki entène sa a ka ede w aprann plis sou sejou w nan lopital la. Ou pral jwenn yon pakèt enfòmasyon pou ede w pandan vizit ou a. Gen kote tou pou w ekri kesyon w yo.

Konsènan Swen w

Kòm yon pasyan nan CHA, ou pral resevwa swen ki koresponn ak valè debaz nou yo:

- Konpasyon
- Entegrite
- Respè
- Kominote
- Aprantisaj
- Ekselans

Si nou pa satisfè atant ou yo, tanpri fè nou konnen. Nou ta renmen pou w an sante, pou yo tande w epi pou w santi ou gen sipò.

Nou travay pou nou ba ou swen espesyal ki plen konpasyon:

- Nou idantifye w nan de (2) fason avan pou nou trete w. Sa ka fasil tankou konfime non ak dat nesans ou. Nou pral mande w sa plizyè fwa. Nou fè sa pou kenbe w an sekirite.
- Nou lave men nou avan nou manyen w pou nou redwi risk enfeksyon.
- Pèsonèl enfimye nou an tcheke sou ou regilyèman (enspeksyon entansyonèl) pou asire nou antisipe bezwen w yo.
- Enfimye w yo ap rankontre nan chanm ou lè y ap fè larelev (rapò bò kabann). Yo pral pale de ou epi yo pral pale avèk ou. Sa ap fè gen plis sekirite nan swen y ap ba w la ak pèmèt ou poze kesyon.
- Nou itilize tablo blan nan chak chanm pou nou asire n tout moun konnen kisa w bezwen.
- Enfimye an chaj ki nan inite w la ap vin vizite w pandan sejou w la pou l wè kijan w ye.

Mèsi ankò pou konfyans ou fè CHA avèk swen w. Nou swete w bòn sante.

CHANM OU

Alam ak Bouton pou Rele

Bouton pou rele a ap pèmèt ou kontakte pèsònèl enfimiyè a si w bezwen èd. Pa egzanp, si w bezwen ale nan twalèt, si w gen doulè oswa si w pa santi w byen, oswa si w gen yon bezwen nou pa t prevwa. N ap asire n li toupre w epi n ap reponn pi vit posib.

Chanm ou gen diferan kalite alam pou swen ak sekirite w. Sa ka gen ladann monitè pou kè, alam pou kabann oswa ponp pou medikaman yo.

Si pèsòn pa reponn alam nan apre yon ti tan, tanpri di yon enfimiyè sa oswa peze bouton pasyan an pou w mande èd.

Pou sekirite w, fè atansyon pou w pa manyen ekipman yo.

Telefòn

Gen yon telefòn nan chanm ou pou w itilize. Pou w fè yon apèl, jis konpoze 9 epi fè nimewo a. Pou apèl andeyò eta a, tanpri konpoze x1000. Operatè CHA a ka ede w fè apèl sa yo.

Televizyon

Ou ka itilize aparèy telekòmand ki toupre kabann ou pou w ouvè televizyon an. Estasyon ki disponib yo nan lis anba a.

Estasyon TV Cambridge ak Everett Hospital

2	FOX (25)	26	NICKELODEON
3	MNT (38)	27	NICK JR
4	CW (56)	28	FREEFORM
5	ION (68)	29	E!
6	PBS (2)	30	SYFY
7	CBS (4)	31	COMEDY CENTRAL
8	ABC (5)	32	FX
9	NBC (9)	33	FXX
10	UMAS (27)	34	HISTORY
11	CNN	35	PARAMOUNT
12	TRUTV	36	WETV
13	FOX NEWS	37	TV LAND
14	ACCU	38	FOOD NETWORK
15	UNIVISION	39	ANIMAL PLANET
16	GALAVISION	40	BRAVO
17	DISCOVERY	41	CMT
18	TLC	42	MTV
19	USA	43	VH1
20	TBS	44	UPLIFT
21	TNT	45	TBN
22	AMC	46	HOPE
23	CN	47	EWTN
24	DISNEY	48	JEWISH LIFE
25	DISNEY XD	49	NESN

Aksè entènèt san fil (wifi)

CHA gen yon rezo entènèt san fil pou pasyan ak vizitè ki rele CHA-Guest. Li disponib nan tout chanm pasyan yo. Sa pral kite w konekte nan entènèt la byen fasil.

Gen kèk sitwèb, ou p ap ka al ladan yo. Si w bezwen al nan yon sitwèb espesifik, epi w pa kapab, tanpri mande ekip swen sante w la. Sèvis asistans la ka gade si sit sa a gen sekirite pou nou kite w itilize l.

Atik pèsònèl ak bagay ki gen valè yo

Mande enfimyè w pou ede w avèk zafè pèsònèl ou yo. Si l posib, tanpri kite tout atik ki gen valè oswa kat kredi lakay ou. Gen yon kòfrefò nan lopital la, si w bezwen pwoteje nenpòt atik espesyal, men ou dwe voye gwo sòm lajan, kle, bijou, dokiman pèsònèl ou yo ak lòt bagay ki gen valè w yo lakay ou.

Lopital la pa responsab pou atik yo volè oswa ki pèdi. Pou w sekirize atik pèsònèl ou, ou dwe:

- **Kenbe linèt ak pwotèz oditif ou yo** nan yon bwat ki nan tiwa anlè ki nan tab bò tèt ou a oswa nan yon plas ki sekirize lè ou p ap itilize yo.
- **Kenbe fo dan w yo** nan yon gode pou fo dan ki nan tiwa anlè a oswa nan yon plas ki sekirize—lwen kabare manje w oswa dra kabann nan.
- **Kenbe rad ou** nan plaka ki nan chanm ou, tab ki toupre kabann nan oswa valiz.



EKIP SWEN W

Ou pral resevwa swen nan men plizyè manm pèsònèl la pandan sejou w nan lopital la. Nou travay ansanm tankou yon ekip pou nou bay bonjan kalite swen koòdone ki efikas. Nou sousye de ou ak sante w.

Men yon lis moun ki ka ede w avèk swen w:

Pèsònèl enfimye nan inite a

Enfimye an chaj yo se enfimye ki responsab pou swen enfimye yo, pèsònèl ak pasyan nan inite kote w ye a. Y ap vin vizite w pandan sejou w nan lopital la.

Èd Enfimye yo travay avèk enfimye a pou ede w avèk swen pèsònèl ou – benyen, ale nan twalèt, mete w alèz nan kabann nan, manje ak abiye, pran siy vital yo epi tcheke sik nan san w. Èd enfimye yo travay avèk enfimye a pou tcheke sou ou ak pou ba ou pi bon swen ki posib.

Enfimye ki anrejistre yo (RNs) ap avèk ou toutan. Travay yo se pou koòdone swen jeneral ou. Sa baze sou relasyon y ap etabli avè w – y ap mande w sa w bezwen ak kijan yo ka ede w satisfè objektif sante w. Tanpri mande enfimye w la si w gen nenpòt kesyon sou swen w.

Enfimye yo ap pale youn ak lòt epi y ap pale ak doktè w yo tou sou swen w. Y ap toujou pale lè y ap fè larelev. Yo rele sa « rapò bò kabann lè larelev la ». Epitou, y ap mete tablo blan ki nan chanm nan ajou epi y ap ede w etabli objektif pou plan tretman w chak jou. Enfimye w la ap tcheke w souvan, men ou ka toujou kontakte l lè w peze bouton pou w rele l la.

Sekretè inite yo ap akeyi vizite yo, reponn bouton pou rele a ak telefòn yo epi yo fè lòt travay pou inite a travay byen. Yo itilize òdinatè a anpil pou ede avèk swen w.

Doktè yo ak lòt pwofesyonèl yo

Ospitalis yo se doktè k ap travay nan lopital la pou pran swen w. Ospitalis la se lidè medikal ekip swen w lan. Li ka travay ansanm avèk yon asistan doktè oswa doktè ki nan fòmasyon yo. Ekip ospitalis ou a ap travay tou ak doktè premye swen w lan. Sa ba ou bonjan swen koòdone nan lopital la ak lè ou kite lopital la. Pifò moun bezwen yon randevou avèk doktè premye swen yo pou swen swivi.

Asistan Doktè ak Enfimye Pratikan yo travay avèk yon doktè ki se yon ospitalis. Yo jwenn fòmasyon nan klas ak pandan y ap pran swen pasyan yo. Yo pran swen anpil pasyan nan lopital la poukont yo.

Rezidan yo se doktè ki nan fòmasyon. Apre yo fini nan lekòl medsin, doktè yo pase twa oswa plis ane nan yon pwogram fòmasyon. Nan CHA, rezidan nou yo travay nan ekip. Doktè dezyèm ak twazyèm ane yo sipèvize doktè premye ane yo (yo rele yo entèn). Ansanm yo pran desizyon sou swen w nan patenarya avèk doktè ospitalis ki gen plis eksperyans la.

Doktè Espesyalis yo travay nan lopital la nan patenarya avèk ekip doktè ospitalis yo ak enfimye yo, depann de bezwen medikal ou. Espesyalis yo gen fòmasyon siplemantè nan kalite maladi espesifik oswa pati espesifik nan kò a. Yon gastroantewològ, pa egzanp, se yon espesyalis nan anndan vant, entesten ak fwa. Yon nefwològ se yon espesyalis nan ren. Yon kadyològ se yon espesyalis nan kè. Yon pulmonològ se yon espesyalis nan poumon. Espesyalis la ap travay avèk ekip ospitalis la pou yo fè pi bon plan swen ki posib pou ou.

Pèsonèl klinik ak sipò

Manadjè kondisyon lavi pasyan yo se pèsonèl klinik ki ap ede w ak ekip lopital ou a kreye yon plan pou gide w apre ou soti lopital la (plan egzeyat). Nou kòmanse fè plan sa a avèk ou touswit apre yo entène w nan lopital la oswa yo mete w an obsèvasyon an.

Menajè yo responsab pou netwaye chanm ou chak jou. Yo eseye kenbe chanm chak pasyan yo pwòp toutan. Si ou gen nenpòt demann espesyal, tanpri santi w alèz pou w kontakte yo dirèkteman.

Famasyen yo se ekspè nan medikaman. Gen yon famasyen k ap travay pa dèyè sèn nan pou l asire l ou gen dòz ekzat medikaman y ap ba w yo. Ou ka rankontre ak yon famasyen si w bezwen aprann plis sou youn oswa plis nan nouvo medikaman yo.

Terapet fizik oswa okipasyonèl oswa langaj. Yon terapet fizik ap ede w avèk aktivite tankou mache ak monte eskalye. Yon terapet okipasyonèl ap ede w fè pratik aktivite tankou abiye oswa benyen oswa fè apèl nan telefòn. Yon terapet langaj ap ede w pale ak vale.

Flebotomis yo se pèsonèl ki vini nan depatman an pou pran echantiyon san. Sa ap pèmèt nou teste w ak kontwole sante w.

Dyetetisyen (èn) anrejistre yo se ekspè nan manje. Y ap ede pasyan ki nan rejim espesyal. Yo ka vin vizite w si li nesesè pou yo pale avèk ou sou sa pou w manje.

Terapet respiratwa yo bay tretman pou respirasyon, ede jere oksijèn epi yo ka anseye w teknik respirasyon ak medikaman yo.

Travayè sosyal yo ka ede w ak fanmi w jere estrès ki akonpaye pwoblèm medikal yo. Yo ka ede konekte w avèk pwogram sosyal pou pwoblèm ki gen rapò ak manje, lojman, travay ak transpò. Travayè sosyal ki nan lopital nou an konnen kijan pou yo ede moun ki gen pwoblèm dwòg ak alkòl ak moun ki prèske nan fen lavi yo.

SWEN ESPIRITYÈL

Enfimyè w la ka rele pou yon konsiltasyon swen espirityèl si w fè demann lan. Si w ta renmen yo rele yon sèten denominasyon, yo ka ede w pwograme vizit la.

Chapèl

Chapèl lopital la toupre antre prensipal la. Oumenm oswa vizitè w yo kapab ale nan chapèl la 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn, pou lapriyè oswa meditasyon.

MANJE NAN LOPITAL LA

Manje: Youn nan anplwaye nou yo ap vini dirèkteman nan chanm ou chak jou pou ede chwazi manje w.

Machin ki Vann manje yo: Machin ki vann manje yo sitiye nan toude lopital yo, enkli nan kafeterya.

Kafeterya: Vizitè yo byenveni pou yo manje nan kafeterya lopital la. Nan Cambridge Hospital, li nan 2yèm etaj nan bilding prensipal la. Nan Everett Hospital, tanpri pran asansè a pou al nan nivo B a.

Pote manje: Tanpri tcheke avèk ekip swen w sou pote manje ki soti lakay ou. Ou ka nan yon rejim ki gen restriksyon, epi lòt moun ki nan depatman an ka gen pwoblèm alèji.



VIZITÈ

Pou pwoteje w, ak lòt pasyan yo, moun ki gen lafyèv, grip, malgòj oswa nenpòt maladi ki ka pwopaje pa ta dwe vini nan lopital la.

Konsènan Vizit nan Lopital la

Vizitè yo kapab yon bon medikaman pou ou nan lopital la. Ou gen dwa pou w resevwa nenpòt vizitè ou vle. Sa gen ladann mari/madam (menm sèks oswa diferan sèks), patnè domestik, patnè nan yon inyon sivil, mennaj, oswa yon lòt manm fanmi an oswa zanmi.

Akoz COVID-19 la, nou ka gen règleman espesyal sou ki moun ki ka vizite w ak ki lè. Nou ka bezwen pou vizitè yo mete yon mask ak kite yo pran tanperati yo. Tanpri poze enfimye w kesyon sou dènye règleman yo.

Swen pasyan yo se premye enkyetid nou. Pou ede w pwoteje tout pasyan nou yo, tanpri asire w vizitè w yo swiv règleman nou yo:

- Vizitè yo dwe abiye kòmsadwa. Yo dwe mete chemiz ak soulye.
- Vizitè ki nan chanm semi-prive yo dwe fè konsiderasyon pou tout pasyan yo.
- Valè vizitè ak longè vizit yo ka deranje lòt pasyan yo. Tanpri konsidere lòt moun ki nan inite a.
- Vizitè yo dwe evite fè anpil bri.
- Yo ka mande vizitè yo pou yo kite chanm nan lè y ap fè tès oswa tretman oswa lè doktè oswa enfimye a bezwen wè pasyan an.
- Fanmi yo ka mande nou vizit espesyal pou pasyan ki pral fè operasyon nan jou operasyon an yo.



Pakin

Pakin pou pasyan ak vizitè yo disponib 24 èdtan pa jou nan garaj lopital la. Nou mande pasyan ak vizitè yo pa pake machin yo nan zòn ki rezève yo oswa nan sèten zòn moun pa dwe pake machin yo.

Garaj Cambridge Hospital: Garaj Cambridge Hospital la (fen Camelia Ave.) disponib, men w ap peye (\$8 maksimòm pa vizit). Vizitè ki rete plis pase 3 èdtan dwe fè yo valide tikè a nan biwo enfòmasyon nan antre prensipal la. apre lè nòmal yo, tanpri itilize bouton pou rele a nan ti kontwa pakin nan antre prensipal la.

Garaj Everett Hospital: Pakin nan garaj Garland Street la toujou gratis. Jis pran yon tikè epi itilize tikè sa a pou w sòti. Vizitè ki rete plis pase 3 èdtan dwe fè yo valide tikè a nan biwo enfòmasyon nan antre prensipal la.

Pakin nan Lari: Gen kèk espas pakin ki limite nan lari a nan toude lopital yo. Si vizitè yo pake nan lari a, tanpri, yo dwe asire yo tcheke siy pakin yo pou yo konnen sa yo pèmèt.

Sekirite Piblik

CHA gen yon ekip Sekirite Piblik ki byen antrene pou pwoteje sekirite pasyan, vizitè, pèsònèl ak pwopriyete CHA yo. Ou ka kontakte yo nan 617-665-1850 (oswa ekstansyon 1850).

Lòt Sèvis

Lèt, flè ak kado pou pasyan yo

Nou pral pote tout lèt nou resevwa pou ou yon fwa pa jou. Floris yo pral delivre nenpòt flè. Tanpri tcheke avèk enfimiyè a avan nenpòt moun pote manje, bwason oswa lòt kado. Nou bezwen asire ke sa Oke. Nan depatman swen entansif la (ICU), tanpri tcheke avèk pèsònèl la konsènan kado pou pasyan yo.

Magazen kado nan Cambridge

Genyen yon magazin kado nan lopital la nan antre prensipal la nan Cambridge Hospital. Magazin an gen kado, bijou, revè, kat, sirèt, atik twalèt ak ti goute.

ATM

Gen yon machin ATM nan antre prensipal lopital la. Tanpri mande moun ki nan resepsyon an direksyon.

Famasi CHA

CHA gen yon famasi, ki pa van an gwo, nan Cambridge Hospital nan 2yèm etaj la. Yo ouvè lendi – vandredi 8:30 am – 8:00 pm ak samdi-dimanche apati 9:00 am pou rive 3:00 pm. Lè sa yo ka chanje, kidonk tanpri mande enfòmasyon anvan w al chache nenpòt medikaman.

Famasi CHA a se yon bon kote pou w pran medikaman w yo avan ou kite lopital la. Yo ofri sèvis livrezon nan kay gratis tou. Ou ka rele yo nan 617-665-1438 (Cambridge Hospital location).

DOSYE MEDIKAL AK KONFIDANSYALITE W

Konfidansyalite w

Cambridge Health Alliance pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sou sante pèsonèl ou.

Pou w jwenn yon lis dwa konfidansyalite w (HIPAA), tanpri gade nan Avi sou Pratik Konfidansyalite yo te ba ou lè w te anrejistre kòm yon pasyan. Ou kapab jwenn yo tou nan sitwèb CHA a (www.challiance.org).

Dosye Medikal ou

Dosye medikal ou konfidansyèl. Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi dosye medikal ou, yon CD oswa elektwonikman nan MyChart (gade anba a). Si w bezwen jwenn yon kopi dosye medikal ou, tanpri rele depatman Jesyon Enfòmasyon Sante (HIM) a nan 617-381-7126.

MyChart

Tout pasyan ki gen yon pwofesyonèl k ap ba yo swen nan CHA kapab itilize yon potay pasyan ki rele MyChart. Sistèm sekirize nan entènèt sa a ba ou aksè nan kèk nan enfòmasyon sou sante w yo ak kapasite pou w kominike avèk ekip swen w lan.

Pou w gen aksè nan MyChart, tanpri pale avèk pwofesyonèl k ap ba w swen an oswa anrejistre nan entènèt nan sitwèb CHA a. Ou ka rele depatman Jesyon Enfòmasyon (HIM) tou nan 617-381-7126.



SEKIRITE W

Anpeche enfeksyon

- Toujou lave men w ak savon ak dlo tyèd, oswa itilize jèl alkòl avan ak apre ou fin manyen moun ou renmen yo ak apre w soti ak retounen nan chanm nan.
- Asire oumenm ak moun ou renmen yo lave men nou avèk savon ak dlo tyèd avan n manje ak apre nou fin itilize twalèt la.
- Y ap benyen w chak jou ak yon savon dezenfektan. Sa ap kenbe po w pwòp epi l ap redwi risk pou enfeksyon.
- Li oke pou w fè reklamasyon! Mande pwofesyonèl swen sante w yo si yo lave men yo lè yo te antre nan chanm nan.

Sekirite Medikaman

- Tanpri pa pran medikaman ki soti lakay ou. N ap ba w tout medikaman yo pandan ou nan lopital la.
- Voyer tout medikaman w yo lakay ou avèk fanmi oswa zanmi w yo.
- Avan yon enfimye ba w yon medikaman, li oke pou w mande l:
 - Kijan medikaman an rele? Poukisa medikaman an bon?

Prevni Moun Tonbe

- Rele – Pa Tonbe! Nou gen yon zòn kote moun pa dwe tonbe epi n ap travay di pou nou anpeche w tonbe.
- Ou ka ede n lè w rele pou w mande èd pou w leve sou kabann oswa sou chèz la.
- Si w ou nòmalman itilize yon ekipman pou w mache, baton oswa chèz woulant, n ap ba w youn si w pa gen youn avèk ou.
- Nou ka itilize alam kabann nan oswa alam chèz la pou ede fè w sonje pou w pa leve poukont ou.

Anpeche maleng kabann

- Si w kouche sou yon bò twò lontan, ou ka gen yon maleng kabann. N ap ede w chanje pozisyon si w pa kapab fè sa poukont ou.
- Enfimye yo pral tcheke po w chak jou pou yo asire ou pa gen maleng.
- Nou gen yon enfimye sètifye ki se yon ekspè nan blesi ki la pou ede w si l nesesè.

Rele pou w Mande Èd

- Si nenpòt lè ou santi ou pa an sekirite (oswa yon moun ou renmen pa santi l byen) tanpri rele pou w mande èd. Ou kapab jwenn èd lè w:
 - peze bouton pou w rele enfimye a, oswa
 - peze bouton Kòd la ki nan mi an, oswa
 - konpoze x7999 nan telefòn ki nan chanm nan epi di operatè a ou bezwen yon repons rapid nan chanm nan (bay nimewo chanm nan)


LÈ W GEN DOULÈ

Kòm pasyan nan lopital la, ou ka gen malèz oswa gwo doulè ki gen rapò ak maladi w la oswa apre operasyon oswa pwosedi w la. Nou vle w santi w pi konfòtab posib.

Ekip swen w lan ap mande w si ou gen doulè ak pou w dekri doulè ou genyen an. Y ap fè sa lè w fèk entènè a ak pandan tout sejou w nan lopital la.

Nimewo Doulè yo

Ou ka dekri doulè a lè w itilize yon echèl nimewo, ki soti 0-10. **Zero** (0) vle di ou pa gen doulè e **dis** (10) vle di ou gen anpil doulè:



Doulè nan figi

Yo ka mande w pou w chwazi yon figi ki pi byen dekri doulè w la:



Toujou di pèsònèl nou an si w gen doulè, epi mande l pou remèd doulè touswit. Li pi bon pou w pran remèd pou doulè pase pou w rete tann jiskaske doulè a agrave. Nou ka gen lòt fason tou pou nou fè w santi w byen ki pa bezwen medikaman.

Ekip lopital nou an pral ede w fè yon plan pou kontwòle doulè ou genyen nan lopital la epi eksplike fason ki pa danjere pou w pran medikaman pou doulè lè w lakay ou. Kontwòl doulè ap yon pati nan plan egzeyat ou.

MANDA POU SWEN SANTE

Yon manda pou swen sante se yon fòm k ap di nou ki moun ki ka pran desizyon sante pou ou si w pa kapab pran desizyon sa yo poukont ou. Tanpri chwazi yon moun ou konnen ak ou fè konfyans.

Si w gentan chwazi moun sa a ak ranpli fòm nan, tanpri bay ekip swen w lan yon kopi. Ou kapab bay doktè, enfimye, manadjè kondisyon lavi pasyan yo, travayè sosyal, oswa yon mann nan ekip admisyon/anrejistremant nou an li. N ap mete l nan dosye medikal ou. Si w poko chwazi yon moun kòm reprezantan w nou pral mande w pou w fè sa pandan ou isit la. Gen yon kopi fòm sa a nan dosye pèsònèl pasyan w la. Tanpri poze enfimye w kesyon sou sa pou nou kapab ede w konplete fòm nan.

DWA W GENYEN KÒM YON PASYAN CHA

Cambridge Health Alliance (CHA) pran angajman pou l pwoteje dwa w yo kòm pasyan epi li soutni lwa ak regleman yo k ap defann dwa sa yo.

- Ou gen dwa pou w resevwa swen medikal ki satisfè pi gwo estanda CHA yo, kèlkeswa ras, relijyon, orijin, andikap ou genyen, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sèks oswa ekspresyon, laj, sèvis militè, oswa sous peman pou swen w.
- Ou gen dwa pou w resevwa vizitè ou chwazi (oswa moun ki sipòte w, kote sa apwopriye) ou deziye tankou mari / madan, patnè domestik (tankou patnè domestik ki gen menm sèks), oswa lòt manm fanmi oswa yon zanmi. Ou gen dwa tou pou w anile oswa retire konsantman pou w resevwa vizitè sa yo.
- Ou gen dwa nan privilèj vizit kèlkeswa ras, relijyon orijin, andikap ou genyen, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sèksyèl oswa ekspresyon, laj, sèvis militè oswa sous peman pou swen w. Depannde sitiyasyon klinik, risk sekirite pèsònèl, oswa pwoblèm sekirite, sant medikal la gen dwa pou l mete restriksyon sou vizit lè li nesesè.
- Ou gen dwa ak yon tretman rapid pou sove lavi nan yon ijans san diskriminasyon ki baze sou kondisyon ekonomik oswa sous peman, ak pou yo pa retade tretman akòz diskisyon k ap fèt konsènan sous peman.
- Ou gen dwa pou lòt moun trete w avèk respè, ak pou yo adrese w pa non w.
- Ou gen dwa ak konfidansyalite nan kapasite sant medikal la.
- Ou gen dwa pou w cheche ak resevwa tout enfòmasyon ki nesesè pou w konprann sitiyasyon medikal ou.
- Ou gen dwa pou w konnen idantite ak wòl moun ki enplike nan swen w.
- Ou gen dwa pou yo ba w eksplikasyon konplè sou nenpòt etid-rechèch yo ka mande w pou w patisipe ladan l.

- Ou gen dwa pou w kite sant medikal la menm si doktè w konseye w pou w pa fè sa, sof si ou gen sèten maladi enfektez ki ka enfluyans sante lòt moun, oswa si w pa kapab kenbe pwòp sekirite w oswa sekirite lòt moun, jan yo defini sa nan lwa a.
- Ou gen dwa pou w gen aksè nan dosye medikal ou.
- Ou gen dwa pou w mande ak resevwa enfòmasyon sou posiblite asistans finansye. Ou ka mande tou pou yon bòdwo detaye pou sèvis ou te resevwa. Ou ka mande yon eksplikasyon sou bòdwo a tou. Pou demann ki gen rapò ak asistans finansye, tanpri kontakte biwo Asistans Finansye nan 617-665-1100.
- Ou gen dwa pou w konnen tout enfòmasyon finansye oswa relasyon biznis CHA genyen avèk lòt enstitisyon yo, nan mezi kote relasyon an gen rapò ak swen oswa tretman w.
- Ou gen dwa pou w pa ekspozè ak lafimen lòt moun k ap fimen. Yo pa pèmèt moun fimen okenn kote nan pwopriyete CHA.
- Oumennm oswa reprezantan legal ou a gen dwa pou patisipe nan desizyon ki gen rapò ak swen sante w.
- Ou gen dwa pou yo fè yon evalyasyon apwopriye ak byen jere doulè w la.
- Ou gen dwa kòm yon pasyan ki ka gen limit nan kapasite pou w pale anglè pou w gen aksè, gratis, nan komunikasyon ki enpòtan atravè yon entèprèt kalifye swa anpèsòn oswa pa telefòn, jan yo jije l apwopriye. Si w se yon pasyan ki soud oswa ki tande di, CHA ap ba w yon entèprèt ki sètifye, swa nan sèvis entèprèt CHA oswa Komisyon Massachusetts pou moun ki soud ak tande di.
- Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon sou kijan ou ka jwenn asistans konsènan enkyetid, pwoblèm oswa konplent sou kalite swen oswa sèvis ou resevwa yo, ak pou inisye yon pwosesis plent fòmèl avèk sant medikal oswa ajans regilasyon yo.
- Ou gen dwa pou yo adrese bezwen kiltirèl ak espirityèl ou nan kapasite CHA.
- Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi règ ak règleman CHA yo ki konsène wòl ou kòm pasyan.
- Ou gen dwa pou w gen aksè ak enfòmasyon sou CHA, tankou pwogram jesyon swen ak sèvis yo bay ansanm ak kalifikasyon pèsònèl jesyon swen an.
- Ou gen dwa pou yo enfòme w sou tout sèvis jesyon swen ki disponib yo, menm si yo pa kouvri yon sèvis, ak pou w diskite opsyon yo avèk pwofesyonèl k ap trete yo.
- Ou gen dwa pou w refize patisipe oswa pou soti nan pwogram ak sèvis yo yo ofri nan CHA.
- Si w la pou fè operasyon nan tete, pou tretman kansè tete, oswa akouchman, ou gen dwa pou w gen enfòmasyon espesifik sou pwosedi w la. Tanpri mande ekip swen w lan.

RESPONSABLITE OU GENYEN KÒM YON PASYAN CHA

Kisa Cambridge Health Alliance mande pasyan nou yo.

- Jwe yon wòl aktif nan swen w, nan bay enfòmasyon konplè ak kòrèk sou ansyen ak nouvo pwoblèm sante w yo.
- Pote dokiman idantifikasyon ak asirans yo.
- Mande èd si w pa konprann sa w tande konsènan swen w.
- Bay lopital la yon kopi manda swen sante w la si w gen youn.
- Trete lòt moun yo avèk respè.
- Swiv règ ak regilasyon CHA ki afekte swen ak konduit pasyan yo tankou:
 - Règleman pou moun pa itilize tabak la
 - Pa dwe gen okenn zak vyolans oswa agresyon anvè okenn pasyan, vizitè oswa manm pèsònèl la
 - Yo pa pèmèt okenn kalite zam nan lokal lopital la
 - Okenn foto oswa videyo san otorizasyon alavans
 - Konsidere dwa lòt pasyan yo ak pèsònèl lopital la epi ede kontwole bri
- Bay lopital la enfòmasyon y ap bezwen sou peman swen medikal ou a.
- Travay avèk moun k ap pran swen w pou w jwenn tretman efikas ak sekirize pou pwoblèm ou.
- Fè tout efò w pou w swiv plan swen w.
- Di manadjè swen w oswa manm ekip swen w si w pa ka swiv plan w lan.
- Si w ap patisipe nan pwogram jesyon swen yo, ou dakò pou w travay avèk manadjè swen w ak pou w ba li enfòmasyon pou sipòte swen w.

AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

Cambridge Health Alliance (CHA) sèvi pasyan nan plizyè lokalite atravè Cambridge, Somerville ak zòn nò metro nan Boston. Sa gen ladann lopital swen egi yo, CHA Cambridge Hospital ak CHA Everett Hospital, ak plizyè sant sante anbilan. CHA bay tou sèvis ak pwogram tankou Cambridge Public Health Department. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou CHA ak kote yo bay swen yo nan challiance.org.

Lè w pran swen nan CHA, moun k ap ba w swen yo kreye yon dosye medikal, ki ka sou papye oswa elektwonik. Dosye medikal la gen enfòmasyon sou istwa medikal ak/oswa sante mantal, tès yo, swen yo ba w yo ak repons ou ak swen yo. Li ka gen tou enfòmasyon ki sansib tankou tretman pou abi sibstans oswa VIH. Dosye medikal ou a nan CHA a ka gen ladan l tou enfòmasyon sou swen ou te resewa nan men pwofesyonèl ki pa nan sistèm CHA a.

Tout pwofesyonèl k ap travay nan CHA oswa ki manm nan pèsònèl medikal CHA gen aksès nan dosye medikal ou kèlkeswa li sou papye oswa li elektwonik. CHA ap itilize enfòmasyon medikal ou a pou l sipòte swen ou resewa nan CHA. CHA ap pataje enfòmasyon medikal ou yo tou avèk pwofesyonèl ki pa nan CHA k ap trete w oswa k ap patisipe nan koòdinasyon swen w ap resewa yo. CHA ka pataje enfòmasyon medikal ou yo tou pou lòt rezon yo pèmèt, tankou jwenn peman oswa sipòte fonksyonman swen sante yo.

Kèk nan egzanp nou yo enkli:

- CHA ap pataje enfòmasyon medikal avèk doktè ak lòt pwofesyonèl ki trete pasyan CHA yo nan lòt kote ki afilye ak CHA yo, Beth Israel Deaconess Medical Center (BIDMC) oswa ki trete pasyan CHA nan lòt enstitisyon tankou Partners HealthCare.

- Pasyan ki jwenn swen ni nan CHA ni nan enstitisyon tankou BIDMC oswa Partners HealthCare ap gen dosye medikal yo disponib pou doktè ak lòt pwofesyonèl yo atravè yon lyen elektwonik ki sekirize. Kapasite pou pataje enfòmasyon medikal sa a ap pèmèt pwofesyonèl k ap fè tretman nan toude enstitisyon yo bay bonjan kalite swen pou chak pasyan. Pasyan ki jwenn swen yo nan CHA ak lòt lopital Massachusetts yo ap kapab jwenn dosye medikal yo disponib pou pwofesyonèl yo swa dirèkteman atravè yon lyen ant enstitisyon k ap patisipe yo (tankou Magic Button oswa CareEverywhere) oswa atravè yon lyen elektwonik ki sekirize ki rele Massachusetts Health Information Highway.
- CHA ap pataje enfòmasyon medikal ou avèk konpayi asirans sante w, tankou Commonwealth Care Alliance ak Tufts Health Together with CHA, ansanm avèk patnè kominotè ki ka jwe yon wòl nan koòdone ak amelyore swen w ap resewa nan lopital ak deyò lopital la.
- Pou pasyan nou yo ki manm nan sèten asirans sante (tankou Tufts Health Plan ak Harvard Pilgrim Health Plan), CHA travay ansanm ak Beth Israel Deaconess Care Organization (BIDCO, gade www.bidco.org) pou amelyore swen w nan angajman pou amelyore kalite, jesyon itilizasyon, kontra ak jesyon finansye ak aktivite jere kondisyon lavi pasyan yo.

Ki moun ki pral swiv Avì sa a

- Tout manm fòs travay la tankou doktè, enfimyè, lòt pwofesyonèl swen sante, lòt anplwaye, pèsònèl ak volontè yo
- Tout manm nan pèsònèl medikal nou an

Dwa w yo

Ou gen dwa pou w:

- Jwenn yon kopi dosye medikal ou an papye oswa elektwonik
- Koriye dosye medikal ou a swa elektwonik oswa an papye
- Mande kominikasyon konfidansyèl
- Mande nou pou nou limite enfòmasyon nou pataje
- Chache jwenn yon lis moun nou pataje enfòmasyon avèk yo
- Chache jwenn yon kopi avi konfidansyalite sa a
- Chwazi yon moun ki pou aji pou ou
- Depoze yon plent si w kwè yo vyole dwa konfidansyalite w yo

Chwa w yo

Ou gen kèk chwa nan fason nou itilize ak pataje enfòmasyon w pandan n ap:

- Fè zanmi ak fanmi w konnen kondisyon w
- Bay sekou pou dezaz
- Mete w nan yon anyè lopital
- Bay swen sante mantal
- Fè piblisite pou sèvis nou yo
- Kolekte fon

Itilizasyon ak pataje enfòmasyon yo

Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon w pandan n ap:

- Trete w
- Administre òganizasyon nou an
- Voye bòdwo pou sèvis nou yo
- Amelyore swen pou tout pasyan nou yo, pou egzanp nan ansèyman
- Ede avèk sante piblik ak pwoblèm sekirite
- Fè rechèch
- Konfòme ak lwa a
 - Reponn ak demann don ògan ak tisi

- Travay avèk yon medsen lejis oswa direktè ponp finèb
- Adrese konpansasyon travayè yo, ranfòsman lwa, ak lòt demann gouvènman yo
- Reponn pwosè ak aksyon legal yo

Dwa w yo

Konsènan enfòmasyon sante w yo, ou gen sèten dwa. Seksyon sa a eksplike dwa w ak kèk nan responsablite nou pou nou ede w.

Chache jwenn yon kopi dosye medikal ou an papye oswa elektwonik

- Ou ka mande pou w wè oswa jwenn yon kopi dosye medikal ou an papye oswa elektwonik ak lòt enfòmasyon sante nou gen sou ou. Mande nou kijan pou w fè sa.
- N ap ba w yon kopi rezime enfòmasyon sou sante w, jeneralman nan espas 30 jou apre ou fè demann nan. Nou ka fè peye yon frè ki rezonab baze sou kantite lajan li koute.

Mande nou koriye dosye medikal ou

- Ou ka mande nou koriye enfòmasyon sou sante ou panse ki pa kòrèk ak ki pa konplè. Mande nou kijan pou w fè sa.
- Nou ka di “non” pou demand ou a, men n ap di w poukisa alekri nan espas 60 jou.

Mande kominikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande nou pou nou kontakte w nan yon fason espesifik (pa egzanp, telefòn kay oswa biwo) oswa pou w voye lèt nan yon adrès ki diferan.
- N ap di “wi” pou tout demand rezonab yo.

Mande nou limite sa nou itilize oswa pataje

- Ou ka mande nou pa itilize oswa pataje sèten enfòmasyon sou sante pou tretman oswa administrasyon n ou. Nou pa oblije dakò ak demann ou a, epi nou ka di “non” si sa ap ka afekte swen w.

- Si w peye pou yon sèvis oswa atik swen sante ak lajan nan pòch ou okonplè, ou ka mande nou pou n pa pataje enfòmasyon sa yo ak konpayi asirans sante w la pou objektif peman oswa pou administrasyon nou. N ap di “wi” sof si yon lwa mande nou pou pataje enfòmasyon sa yo.

Jwenn yon lis moun nou pataje enfòmasyon avèk yo

- Ou ka mande pou yon lis (kontablite) pou w wè konbyen fwa nou te pataje enfòmasyon sou sante w pandan sis ane avan dat ou mande a, ak ki moun nou te pataje l ak poukisa.
- N ap mete ladan l tout lè nou te pataje enfòmasyon yo, eksepte sa nou te bay pou tretman, peman, fonksyonman swen sante ak sèten pataj (tankou nenpòt sa w te mande n pou nou fè). N ap ba w yon sèl gratis pa ane, men n ap fè w peye yon frè rezonab ki baze sou kantite lajan li koute si w mande n yon lòt nan espas 12 mwa.

Chache jwenn yon kopi avi konfidansyalite sa a

- Ou ka mande pou yon kopi an papye avi sa a nenpòt lè, menm si w te dakò pou w resevwa avi a elektwonikman. N ap ba w yon kopi an papye byen rapid.

Chwazi yon moun ki pou aji pou ou

- Si w te bay yon moun yon manda pou swen sante w, yon otorizasyon medikal legal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a ka egzèse dwa w yo ak fè chwa konsènan enfòmasyon sou sante w yo.
- N ap asire n moun sa a gen otorite sa a epi li ka aji pou ou avan nou fè okenn aksyon.

Depoze yon plent si w santi yo vyole dwa w yo

- Ou ka depoze yon plent si w santi nou te vyole dwa w lè w kontakte Biwo Relasyon ak Pasyan nou an nan (617) 665-1398.

- Ou ka depoze yon plent nan U.S. Department of Health and Human Services Office pou Dwa Sivil lè w voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, oswa rele 1-877-696-6775, oswa vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.
- Nou p ap vè vanjans kont ou si w depoze yon plent.

Chwa w yo

Pou sèten enfòmasyon sou sante, ou ka di nou chwa w yo konsènan sa nou ka pataje.

Si w gen yon preferans pou kijan nou pataje enfòmasyon w nan sitiyasyon yo dekri anba a, pale avèk nou. Di nou sa ou vle pou nou fè, epi n ap swiv enstriksyon w yo.

Nan ka sa yo, ou gen ni dwa ni chwa pou w di nou:

- Pataje enfòmasyon avèk fanmi w, bon zanmi w oswa lòt moun ki enplike nan swen w
- Pataje enfòmasyon nan yon sitiyasyon sekou pou dezaz
- Mete enfòmasyon w yo nan yon anyè lopital

Si w paka di nou preferans ou, pa egzanp si ou pa konsyan, nou ka pataje enfòmasyon w si nou kwè li nan enterè w. Nou kapab pataje enfòmasyon w tou lè li nesesè pou diminye yon menas grav ki prèt pou fèt sou sante oswa sekirite.

Nan ka sa yo, nou pa janm pataje enfòmasyon w sof si ou ba nou yon pèmisyon alekri:

- Nan objektif pou fè piblisite
- Vann enfòmasyon w yo
- Pifò pataj nòt sikoterapi

Nan ka pou ranmase lajan:

- Nou ka kontakte w nan efò n ap fè pou ranmase lajan, men ou ka di nou pa kontakte ankò

Itilizasyon ak pataje enfòmasyon yo

Kijan nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w yo?

Nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w nan fason ki anba la a.

Trete w

Nou ka itilize enfòmasyon sou sante w yo ak pataje yo avèk lòt pwofesyonèl k ap trete w yo tankou pwofesyonèl ki nan lòt kote y ap trete w yo.

Egzanp:

- *Yon doktè k ap trete w pou yon blesi mande yon lòt doktè enfòmasyon sou kondisyon sante jeneral ou oswa pou l revize dosye medikal elektwonik ou pou w aprann plis sou istwa medikal ou.*
- *Si w te nan lopital, nou ka pataje enfòmasyon w avèk doktè regilye w oswa yon etablisman tankou mezon swen enfimye pou ede w planifye pou swen w apre ou soti nan lopital la.*

Administre òganizasyon nou an

Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon sante w pou administre enstitisyon nou an, pou amelyore swen w ak kontakte w lè li nesesè.

Egzanp:

- *Nou itilize enfòmasyon sou sante w yo pou jere tretman ak sèvis n ap ba w yo.*
- *Nou itilize enfòmasyon sou sante pou antrene oswa anseye doktè ak lòt travayè swen sante ak etidyan yo.*
- *Nou itilize enfòmasyon sou sante pou kontwòle kalite swen ak fè amelyorasyon kote ki nesesè.*
- *Nou itilize enfòmasyon sou sante pou satisfè nòm ajans regilasyon yo, tankou Joint Commission, Massachusetts Department of Public Health, Medicare oswa Medicaid.*

Voye bòdwo pou sèvis ou yo

Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon sou sante w yo pou voye bòdwo ak resevwa peman nan men asirans sante w la oswa lòt antite yo.

Egzanp:

Nou bay konpayi asirans sante w la enfòmasyon sou sante w pou l ka peye pou sèvis nou ba w yo.

Ki lòt jan nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w yo?

Nou otorize oswa nou oblije pataje enfòmasyon w nan lòt fason – jeneralman nan fason ki kontribye nan byennèt piblik la, tankou sante piblik ak rechèch. Nou dwe ranpli plizyè kondisyon nan lwa a avan pou nou pataje enfòmasyon w pou rezon sa yo.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html

Èd avèk pwoblèm sekirite ak sante piblik

Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w yo nan sèten sitiyasyon tankou:

- Prevni maladi
- Ede retire pwodwi sou mache a
- Rapòte move reyaksyon, medikaman lakoz
- Rapòte si yo sispèk yo abize, neglije oswa fè vyolans domestik sou moun
- Prevni oswa diminye yon menas grav sou sante oswa sekirite nenpòt moun
- Reponn sèten demand yo pèmèt enstitisyon k ap aplike lalwa yo fè tankou idantifye oswa lokalize yon moun ki pèdi, yon sispèk oswa yon moun ki sove nan prizon

Fè rechèch

Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon w yo pou rechèch sou sante.

Konfòme avèk lalwa

N ap pataje enfòmasyon w yo si lwa eta a oswa lwa federal yo ekzije l avèk antite tankou Department of Health and Human Services si l bezwen konnen si nou konfòme avèk lwa konfidansyalite federal.

Reponn demand pou don ògàn ak tisi

Nou ka pataje enfòmasyon sante w avèk òganizasyon ki resevwa don ògàn yo.

Travay ak yon medsen lejis oswa direktè ponp finèb

Nou ka pataje enfòmasyon avèk yon ofisyèl k ap envestige yon ka lanmò, yon medsen lejis oswa yon direktè ponp finèb lè yon moun mouri.

Adrese konpansasyon travayè yo, ajans ki fè respekte lalwa ak lòt demann gouvènman an

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w:

- Pou reklamasyon konpansasyon travayè
- Nan objektif pou aplike lalwa oswa avèk yon ofisyèl ki responsab pou aplike lalwa
- Avèk ajans sipèvizyon sante yo pou aktivite lalwa otorize
- Pou fonksyon espesyal gouvènman tankou lame, sekirite nasyonal ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl

Reponn pwosè ak aksyon legal

Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w pou n reponn yon òdonans tribinal oswa administratif, oswa pou nou reponn yon manda.

Responsablite nou

- Lalwa egzije nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sou sante pwoteje w yo.
- Nou pral l fè w konnen byenvit si gen yon vyolasyon ki ka konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon w yo.

- Nou dwe ranpli devwa n ak swiv pratik konfidansyalite yo dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon w yo nan okenn lòt fason apa jan yo dekri la a sof si ou di nou alekri nou kapab fè otreman. Ou ka chanje lide w nenpòt lè. Fè nou konnen alekri si w chanje lide w.

Pou plis enfòmasyon vizite:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Chanjman nan kondisyon yo ki nan avi sa a

Nou kapab chanje kondisyon yo ki nan avi sa a, epi chanjman yo ap valab pou tout enfòmasyon nou gen sou ou yo. Nouvo avi a pral disponib sou demann nan biwo nou an ak nan sitwèb nou an.

Kontak

- **Ofisye Konfidansyalite CHA.** Rele 617-591-4820 oswa ekri Ofisye Konfidansyalite, 1493 Cambridge Street, Cambridge, MA, 02139.
- **Relasyon ak Pasyan CHA.** Rele 617-665-1398 oswa imèl patientrelations@challiance.org
- **Pou apèl Oganizasyon Pwofesyonèl ki Gen Risk.** Kontakte Biwo Pwoteksyon Pasyan MA. Rele 800-436-7757. Vizite www.mass.gov/hpc/opp. Imèl HPC-OPP@mass.gov

BÒDWO LOPITAL AK ASIRANS

Ou dwe konnen enfòmasyon sou kouvèti asirans ou. Sa pral ede w konprann bòdwo nou an, pri sèvis yo ak nenpòt lajan ou ka responsab pou w peye.

Si w gen yon kesyon sou asirans ou, yon manm nan Depatman Sèvis Finansye Pasyan an pral kontakte w oswa yon manm nan fanmi w pandan ou isit la. Nou ka bezwen enfòmasyon pou n trete reklamasyon w yo.

Si w gen asirans sante

N ap bezwen yon kopi kat idantifikasyon w. Nou ka bezwen tou fòm asirans nan men anplwayè w oswa konpayi asirans la. Y ap mande w pou w bay lopital la dwa pou l resevwa dirèkteman benefis asirans sante w la.

Si w se yon Manm nan yon HMO oswa PPO

Plan w la ka gen kondisyon espesyal tankou yon dezyèm opinyon nan ka operasyon oswa otorizasyon pou sèten tès oswa pwosedi.

Ou responsab pou asire w kondisyon plan w yo satisfè. Si kondisyon plan w la pa t satisfè, ou ka responsab pou w peye tout oswa yon pati nan kantite lajan sèvis ou resevwa nan lopital la koute. Gen kèk doktè ki gen dwa pa nan rezo plan sante w la, kidonk asirans ou a ka pa kouvri a sèvis yo te ba w yo.

Si w pa gen kouvèti Medicare/Medicaid

Si w gen kouvèti Medicare, n ap bezwen yon kopi kat Medicare w la pou nou tcheke estati w ak trete reklamasyon Medicare w la. Nou vle w konnen Medicare pa peye pou sèten atik ak sèvis tankou operasyon kosmetik, kèk operasyon ak pwosedi nan bouchl, atik pou konfò pèsònèl, evalyasyon pou konnen si w tandè byen ak lòt bagay. Se oumenm ki responsab ppou peye dediktib ak kopeman yo.

Si w kouvri pa Medicaid, nou pral bezwen yon kopi kat Medicaid ou. Medicaid limite valè li pral peye pou sèten atik ak sèvis. Medicaid pa peye pou yon chanm prive sof si se yon nesesite medikal.

Si w pa gen asirans

Yon manm nan Ekip Asistans Finansye nou an ka ede w aplike pou yon asirans sante ki gratis oswa ki pa koutè chè epi leta sibvansyone. Sa gen ladann MassHealth, Commonwealth Care or Health Safety Net. Yo ka eksplike w opsyon yo ak ede w ranpli fòm yo. Ou ka rele yo nan 617-665-1100.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou asistans finansye nan sitwèb nou an: **challiance.org**

Bòdwo Lopital ou a

CHA ap soumèt bòdwo yo bay konpayi asirans ou e nou pral fè tout sa nou kapab pou nou asire yo trete reklamasyon w lan byenvit. CHA p ap refize oswa retade okenn swen medikal ki nesesè akòz kapasite pou w peye.

Sonje, regleman asirans ou a se yon kontra ant oumenm ak konpayi asirans ou a. Ou ka gen kopeman, dediktib oswa lòt peman baze sou plan asirans ak kondisyon w. Ou gen dènye responsablite pou w peye bòdwo lopital ou. Nou gen plizyè opsyon ki disponib pou ede w peye bòdwo w la si w bezwen.

LÈ W PRALE LAKAY OU

Yo pral ba w yon rezime egzeyat ak yon plan swen avan w ale.

Pandan w ap prepare pou w kite lopital la, enfimyè w la pral ba ou yon rezime egzeyat la. L ap gen lis medikaman w yo, plan swen apre ou soti lopital la ak nenpòt randevou swivi avèk doktè w yo.

Tanpri diskite nenpòt kesyon oumenm oswa fanmi w genyen avèk enfimyè a pandan revizyon sa a. Asire w ou gen yon nimewo telefòn pou w rele si w gen kesyon apre ou soti lopital la.

Si w bezwen yon enfimyè pou vin wè w lakay ou, swen sante lakay oswa ekipman espesyal pou ede w rekipere, manadjè swen w lan kapab ede w.

Ou ka resevwa yon sondaj tou apre vizit ou a.

Tanpri pran tan pou w konplete sondaj la epi di nou sa w panse de nou. Opinyon w enpòtan pou nou.



PRAN SWEN W AN MEN

Lè moun enplike nan pwòp swen yo, yo ka jere sante yo pi byen.

Pandan sejou w la, pale avèk ekip swen w lan pou l ede w reponn kesyon ki anba yo, epi ekri repons ou yo nan fèy travay sa a. Lè w ka reponn kesyon sa yo, sa ap ede w jere sante w pi byen lakay ou.

Mwen isit la nan lopital la paske:

Mwen nan kèk nouvo medikaman. Nouvo medikaman m yo enkli:

Fè nou konnen si w gen kesyon sou medikaman w

Lè m ale lakay mwen bezwen fè atansyon ak rejim mwen. Espesyalman, mwen bezwen:

Fè nou konnen si w gen kesyon pou nitrisyonis la

Mwen bezwen èd pou m jere sekirite m ak depasman anndan kay la.

Kesyon pou terapèz fizik/okipasyonèl la oswa manadjè kondisyon lavi pasyan yo:

Mwen gen kèk randevou doktè enpòtan nan jou k ap vini yo:

Lè mwen kite lopital la, mwen enkyete pou:

KÒMANTÈ AK ENKYETID

Sondaj Pasyan

Si w jwenn yon sondaj sou sejou w nan lopital la, tanpri konplete l. Di nou kisa ki te ale byen ak ki kisa nou ka amelyore. Yo voye sondaj yo pa lapòs oswa imèl. Tout repons yo konfidansyèl.

Komite konsèy pasyan ak fanmi

CHA gen yon Komite konsèy pasyan ak fanmi ki ede nou planifye, delivre, ak evalye swen nou bay yo. Gwoup la rankontre chak mwa pou l bay opinyon pou amelyore eksperyans jeneral pasyan nou yo. Si w vle konnen plis sou gwoup sa a, tanpri vizite sitwèb nou an: challiance.org.

Lòt Kòmantè

Si w ta renmen remèsye pèsonèl CHA oswa si w gen nenpòt enkyetid konsènan swen w ak tretman, nou ta renmen tande w.

Tanpri kontakte depatman Relasyon ak pasyan CHA a:

Nan telefòn: 617-665-1398

Pa Lapòs: 1493 Cambridge Street, Cambridge, MA 02139

Pa faks: 617-591-4490

Nan entènèt: Vizite www.challiance.org epi klike sou "Contact Us"

Imèl: patientrelations@challiance.org

Plent Dwa Sivil

Kontakte Biwo Dwa Sivil la

Pa lapòs: 200 Independence Avenue, SW Room 509F,

HHH Building, Washington, D.C. 20201

Telefòn: 1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)

Nan entènèt: <https://ocrporhhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>

Depoze yon Plent

Ou gen yon dwa pou w deposite yon plent avèk:

Biwo Sekirite ak Kalite Swen Sante Depatman Sante Piblik Massachusetts (Massachusetts Department of Public Health Bureau of Health Care Safety and Quality)

67 Forest Street, Marlborough, MA 01752

Telefòn: 617-753-8000

Konsèy Enskripsyon nan Medsin Massachusetts la (Massachusetts Board of Registration in Medicine)

200 Harvard Mill Square, Wakefield, MA 01880

Phone: 781-876-8200

Biwo Kalite ak Sekirite Pasyan Komisyon Miks la (The Joint Commission Office of Quality and Patient Safety)

Pa lapòs: One renaissance Blvd, Oakbrook Terrace Illinois 60181

Nan entènèt: www.jointcommission.org.

Itilize lyen "report a patient safety Event"

Faks: 630-792-5636

Si w gen yon plent konsènan restriksyon pou refere bay yon espesyalis oswa lòt limit potansyèl nan swen w tankou yo refize oswa mete restriksyon pou refere w bay pwofesyonèl ki pa afilye avèk CHA, yo refize oswa mete restriksyon sou kalite oswa entansite tretman oswa sèvis yo, yo refize oswa mete restriksyon pouw jwenn aksè pou tretman oswa sèvis alè, tanpri kontakte depatman Relasyon ak Pasyan CHA a, anwo a. Ou gen dwa tou pou mande yon revizyon ekstèn lè w kontakte Biwo Pwoteksyon Pasyan an.

Biwo Komite Règleman Sante pou Pwoteksyon Pasyan

50 Milk Street, 8th Floor Boston, MA 02109
(800) 436-7757

LÒT KESYON
